



Pou Piblikasyon Imedya: 11/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ TRAVAY PWOJÈ POU PWOJÈ TRAVAY
PIBLIK LONG ISLAND YO**

***DASNY pral devlope yon akò pou ede amelyore pwojè konstriksyon nan Nassau
ak Suffolk***

***Ajoute djòb ekolojik pou ede atenn objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak
Pwoteksyon Kominotè a***

***Filyè nan karyè konstriksyon ki soutni fanmi atravè pwogram aprantisaj sendika
yo***

Gouvènè a pral nonmen reprezantan Travayè nan Konsèy Aksyon Klimatik la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) pral devlope yon Akò Travay Pwojè an patenarya ak sendika travay konstriksyon Long Island lan ki pral itilize nan tout pwojè a gwo echèl DASNY antreprann nan Long Island yo. Gouvènè a te angaje tou pou li nonmen yon reprezantan sendika travay nan Konsèy Aksyon Klimatik nan tout eta a, ki responsab pou mete an aplikasyon Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a.

"New York ap antre nan pi gwo retou ekonomik nou te janm wè, epi Long Island pral jwe yon wòl enpòtan nan re-aparasyon sa a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Patenarya sa a ak sendika travay konstriksyon Long Island se yon fason enpòtan pou asire ke gwo pwojè nou yo non sèlman bay rezilta pou moun Long Island yo, men tou kreye travay ki byen peye ak opòtinite pou mendèv nou an. New York te konstwi pa moun k ap travay, e nou toujou fyè pou nou kanpe ak fanm ak gason nan sendika travay yo."

Akò Pwojè Travay (Project Labor Agreements, PLAs) yo se akò negosyasyon kolektif anvan anbochaj ak youn oswa plizyè òganizasyon sendika ki jeneralman etabli tèm ak kondisyon travay pou yon pwojè konstriksyon espesifik. PLA yo pral devlope a pral reflekte tèm ak kondisyon pou tout pwojè DASNY antreprann yo nan Long Island ki pi w pase yon sèten sèyè dola yo te dakò sou li.

DASNY gen yon istwa depi lontan nan sèvi avèk PLA yo yon fason ki pote siksè atravè eta a pou fè bon jan kalite travay, alè ak nan bidjè a sou anpil gwo pwojè konplèks. Anplis de sa, DASNY pral travay ak travayè pou devlope filyè pou rezidan yo pou yo ka sipòte karyè famiyal yo nan konstriksyon atravè pwogram aprantisaj sendika ki pwouve yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa Eta New York la Reuben R. McDaniel III, te deklare, "Nan eksperyans DASNY, Akò Travay Pwojè yo bay estrikti ak estabilite gwo pwojè konstriksyon ki pwoteje travayè yo epi ki ede diminye reta ki ajoute depans pou kontribyab yo. Nou espere devlope PLA nan Long Island epi travay ak travayè yo sou yon inisyativ enpòtan ki pral benefisye travayè yo nan konte Nassau ak Suffolk yo."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon Eta New York (New York State Building and Construction Trades Council) la, te deklare, "Yon Akò Travay Pwojè nan tout konte a nan Long Island ak Otorite Dòtwa Eta New York la pral jenere plizyè santèn milyon dola nan pwojè yo chak ane epi kreye plizyè milye karyè siyifikatif pou soutni fanmi pou komèsan ak komèsant k ap travay di nou yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip eksepsyonèl li ak angajman pwofon li pou fè avanse pwojè ki bati kominote, klas mwayèn nan ak opòtinite solid pou Eta New York."

Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon Nassau ak Suffolk la, Matthew Aracich, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li toujou yon gwo defansè Travay. PLA DASNY an pou Long Island pral garanti tout gwo pwojè konstriksyon ki dwe sèvi ak sendika, metye konstriksyon, ak travay lokal pou pi devan. Sa a se yon etap enpòtan pou endistri nou an epi PLA sa a pral fè plis bagay pase jis bay travay pou 65,000 manm nou yo, li pral ba nou kapasite pou nou elaji opòtinite pou gason ak fanm koulè yo, agrandi divèsite, ak kreye travay klas mwayèn pou moun ki merite yo."

Prezidan Long Island Federation of Labor a, AFL-CIO John Durso, te deklare, "Ekzekisyon Akò Pwojè Travay sou travay piblik la se yon bon politik piblik. Gouvènè Hochul pral ranfòse ekonomi nou an epi mete pwoteksyon an plas pou travayè yo atravè Long Island ak kout plim li. Pwojè Akò Travay yo ofri gwo avantaj sosyal ak ekonomik ki pwoteje lajan kontribyab yo epi ki leve presyon alabès sou salè travayè yo. Yon akò finalize pral bay DASNY sètitud ak kapasite pou li prevwa ak kontwole depans travay yo, yon bagay ki pral ajoute yon valè fòmidad pandan tan ekonomik ki patikilyèman volatil sa yo."

DASNY konplete plizyè santèn milyon dola nan pwojè konstriksyon chak ane epi li se yon patnè enpòtan nan bati pwojè enfrastrikti dirab ki sèvi bezwen sante, edikasyon ak sèvis imen Nouyòkè yo. Pwojè sa yo ede kreye travay, sipòte ekonomi New York la, ranfòse enstitisyon Eta a yo, ak ranfòse kominote New York yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418